VaGaratiya

Zvitsauko 1 - 6 netsananguro

TSIKA YEKUVERENGA BHAIBHERI

Tsanga yegorosi haimbofi yakagara iri yega.



Ichitsigirwa naArchbishop Desmond Tutu

Rakaturikirwa naShelton Mudyaro

Yakashandurirwa kubva muchinyorwa chepakutanga uye yakatsanangurwa mumutauro wemazuva ano netsananguro.

Francois du Toit PhD

CHIONI – ONI

Shoko remuchioni – oni ishoko rinoturikirwa kubva mumagwaro eGiriki epamavambo. Pachitevedzerwa zvirevo zvemagwaro emavambo, mitsara yakaumbwa nezvirevo zvikuru zvokuti inodarikira nokutsinhirwa nemamwe magwaro.

Mamwe magwaro okujekesa akanyorwa namavara akaita kutsveyama.Zvinova tsanangudzo pane kungova zvinyorwa zveturukiro chete.Panguva iyo zvirevo zvemashoko eGiriki akadzidzwa zvine hudzamu, izvi zvinoitwa nekuongorora zvikamu zvose mukati metsamba dzacho, zvakare tichiziva mupfungwa dzedu zvireze nezvaJesu pamwe nebasa rake rakapera, iro rinova shoko rakatakurwa neBhaibheri

Kubatsira muverengi mudzidzo yake, Ndakanyora namanhamba mashoko eGiriki pamwe nechirevo chawo chechingezi chiri pedyo neshoko racho nemashoko matete akarereka anotevera shoko iroro.Zvinoitwa kuti pave neyanzaniso pakati pemashoko ari pamitauro miviri.

Ndakaturikira tsamba dzakasiyana dzaPauro makore makumi maviri nemashanu adarika anodanwa kuti maRauch.Muna 2006 Ndakatanga kunyora nezve shoko reMuchioni – oni.Zvino ibasa riri kudarika mberi zvakare richasanganisira Testamende Idzva yose nezvimwe zvikamu zveTestamende Yakare.

Mabhuku ane zvikamu akapera panguva yaNdira 2019 anova:

Vhangeri raJohani , VaRoma, I VaKorinde,
2 VaKorinde, VaGaratia, VaEfeso, VaFiripi,
VaKorose, 1 VaTesaronika,
2 Timotio, Tito, VaHebheru, Jakobho, 1 Johani 1-5,
1 Petro 1,2, 2 Petro 1 , Zvakazarurwa



Kutarira kune kutirikirwa kwese kwemagwaro kunopa mumwe munhu mukana wekunzwa izwi reMusiki wedu nepfungwa, rakamiminwa budikidze nekuturukirwa nemutauro wemuturukiri.

Mutsanangudzo ino yakavandudzwa, Francois Du Toit akazazura dzitiro kuvaverengi vemazera ose, tsika kana mutauro kuti vafadzwe nemaono ekurova kwemwoyo worudo – apo munhu wese anonzwa achidiwa zvimwe chete, wakasanganisirwa nekukosheswa mumeso aBaba – wakadzikinurwa zvizere muhumwe hwatinobva kwauri! Shoko Romuchioni rinotaura chokwadi chokuti vanhu havana kubva mudumbu ranamai vao; takabva nekuva pfungwa dzaMwari!

Kuva nebasa rakadai mumutauro weXhosa kuchava chiitiko chitsva kune vechidiki nevakura kuti vaone Bhaibheri zvakare nekuvandudzwa.

*Archbishop **DESMOND TUTU** – Legacy Foundation*

Bhaibheri Romuchioni rinova tsanagudzo inoshandura yakareruka, chaiyo, yakazara zvakare inonzwisisika, rinofadza panguva imwe chete rinoburitsa chakavanzika chezaruro yomweya; rinoratidza zvedenga zvakare zvenguva ino.

Rinofanira kuverengwa, kutungamira zvakafanira zvakare murairo wemazera ose; pakudzidza Bhaibheri, kudzamirwa, kuzvipira, kunamata kudzidzisa kuraira pamwe nekudzidza.

Jesu Kristu ndivo mwongo wechinyorwa chose.

Vatendi havarasikirwe nemwongo wekuturukirwa sezvo paine kuratidzwa zvakare kureruka pakunyorwa kunoratidzwa kuzaruro zvakare Kristu vanodzikunura.

Vasingatendi vanoona kunyaradzwa kubva mumagwaro apo vanobatwa nechokwadi zvakare kuva pedyo kwaKristu.

Kuno ndiko kuturukirwa kunopa hupenyu zvakare shanduko.Ndinogutsikana zvine kuninipiswa kwekuti Francois wakasarudzwa naMwari kushumira nguva ino neinotevera nechokwadi chisina kusanganiswa pakati pokusanzwisisa kuzvidzora kwenyika, zvimwe zvidzidzo pamwe nekuturikirwa kwedzidzo dzetsika zvakare kuita(chitendero) kwakabvisa vanhu kubva muchokwadi.

Bhaibheri Remuchioni -oni izaruro inogamuchirwa zvakare budiriro yakarairwa nedenga, kurudzirwa zvakare kurairwa.Kuturukirwa kuno pasina kuramba kunova nhandare yekurudziro inotsanangudza nyika yedu.Kubwinya kuna Mwari.

Rev.Anouya Andrew Muchechetere, *MBA, MA and former General secretary of general of Evangelical Fellowship of Zimbabwe (EFZ)*

Mubhuku rino rinoshamisa , Pauro anotsinhira kuvhangeri rake zvakare nokuritaura sechipo chezaruro yaKristu maari.

1:12 Shoko iri harina kuunzwa nomunhu; chitubu changu chaisava dzidzo yangu yakare yechitendero; ndakariwana shoko rino nezaruro yaJesu Kristu mandiri.

1:15 -16 Chiroto chaMwari cherudo chisina magumo chakandipatsanura kubva mudunhu ramai vangu,nyasha dzake dzakava zvandiri.Ndiwo moyo wevhangeri randinoshumira parakatanga nezaruro yehumwana mandiri, kundisunungura kuti nditaure humwana kune vanhu vasirivaJudha. Handina kunzwa kugombedzerwa kuti ndiyenzanise magwaro neavo vaiziva Kristu munhoroondo.

Pauro anowona kuita komurawo wemabasa kuti uwedzere kugadzira hunhu wemunhu nekushamisa kwezaruro yohupenyu hwedu wakadzikinurwa matiri muna kristu! Anoshandisa mashoko anoti”murawo”“nyama”pamwe na”mabasa”kupikisana, nenyasha pamwe ne”mweya”pamwe nokutenda kupa kuwona kubudirira kwemuchinjikwa.

Vimbiso yakazadziswa muna Kristu; achiratidzwa muhupenyu hwemunhu!

3:21 Kwete, murawo haupikise vimbiso yaMwari;

asi unotsinhira kudiwa kwemudzikinuri kuti abuditse kururama kune munhu sohupenyu hwake; izvo zvakanga zvisingawonekwi nomurawo! Dai zvaigona kuti munhu anatswe nomurawo, vimbiso yaisava nehukoshi.

3:22 Magwaro anopedziswa nokuti vanhu havachina chikonzero chokuramba vari muzvimwe chete, vakasungwa nechivi. Zvino kutenda kunounza vimbiso kune munhu wese; Jesu Kristu vanoita kuti zvikwanisike kuti vose vatende zvinotendwa naMwari maringe nokururama pamwe nokusapomerwa kwavo.

4:5 Chinangwa chake chaive chokununura vanhu kubva kumurawo wokuita pamwe nokutaura nezvezaruro yekuva vana kwavo muna Mwari.

4:6 Kuzadzisa humwana kwedu, Mwari vakatuma mweya wehumwana kuti uti Abha mumoyo yedu; iye zvino mukati medu tinomuwona saBaba vechokwadi vanodikanwa.

5:1 Kristu vanotsanangudza kutenda kwako; ndiye rusununguko rwako kubva pane zvese zvakatadzwa nomurawo! Wana kumira kune simba. Usarega chitendero kuti chikukanganise zvakare kune kuita kwemitemo.

5:6 Rudo ndirwo rwunofambisa kutenda *(Zviri nyore kuti rudo ritende.)*

1:1 Zita rangu ndinonzi Pauro, hushumiri pamwe neshoko rangu hazvina kupiwa mbvumo navana muzvina6visa kubva pahuipi wenguva ino yezvitendero zvakanga zvapinda matiri. Izvi ndizvo chaizvo zvakanga zvakarongwa naMwari murudo rwake kuvanhu. *(Shoko rinoti,[1]* ***Poneros****, rinoreva kuzadzwa nekusevenza nekunetsekana, chibereko chomuti wechakaipa pamwe nokushanda"Peneros"!)*

1:5 Zvino mbiri yake yokubwinya haina nguva, inodarika nguva dzose pamwe nemwaka yose. Tinomukudza neameni yedu! *(Hapana chinotaurwa nechitendero munguva yese kana chinhu chingafananidzwe naye.)*

1:6 Ndinoshamiswa kuti munganonyengedzwa kuti mushandure vhangeri rino nemanyepo; Vhangeri rinoratidza hunu hwemavambo ezvatiri zvakanunurwa muna Kristu; kunyengera kumhura nyasha pamwe nemitemo.Musanganiswa unova unokusvitsa pakuita kwako wega kweruponeso. *(Zvinova hukuzungu une njodzi.)*

1:7 Hakuna rimwe vhangeri kunyangwe kuno mamwe akawanda anodaidzwa sechiKrstu akanyorwa kuti "Vhangeri". Kana paine chimwe chiratidzo chomurawo chiripo hachisi nhau dzakanaka asi dzingori pfungwa dzezvitendero dzavanhu, kudzivisa vhangeri raKristu. *(Vamwe vanotsvaga kusagadzikana kwepfungwa dzenyu*

nekumonyorora vhangeri kuti vaunze mafungiro avo.)

1:8 Ini pachangu kana mumwe wechikwata changu anomira mukutukwa, kana tikataura kuti takashanyirwa nengirozi kana zvatinoshuvira zvichipotseka chero napadiki kubva kuvhangeri rebasa rakapera raKristu.

1:9 Regai ndinyatsoreva nokujeka nezve nyaya iyi: vhangeri rose risingatsimbidzire kukunda kwemuchijikwa ndere nhema rinounza kutukwa chete!

1:10 *(Mukuyenzanisa munguva iyo Pauro aida tsamba dzembvumo kubva kumapoka echitendero enguva iyoyo kupa mbvumo kuchinangwa chake)* **Mwari ndiye kurudziro yangu yakakwana. Ndinopindura kwaari ega, kwete munhu. Ndakapihwa basa rino naKristu; Ndakabatwa nenyasha dzake. Pfungwa dzechitendero hadzindikonzerese kuti ndizvidze shoko rangu.** *(chikonzero chokuti ndive negwaro rinofadza rezvangu ndecheyi, kana musiki wangu asiri kuribvunza.)*

1:11 Ndinoda Kuti zvijeke kwamuri shamwari dzangu kuti shoko randinotaura hakusi kungofunga chete kana chibereko chenharo dzezvitendero.

1:12 Shoko iri harina kuunzwa nomunhu; chitubu changu chaisava dzidzo yangu yakare yechitendero, ndakariwana nezaruro yaJesu

Kristu. *(Kunyangwe taiziva Kristu panyama, hatichamuoni zvakadaro [2 Vakorinde 5:16])*

1:13 Vanhu vose vanoziva kuti ndaiva muJudha waishingairira kuparadza kereke yaMwari.

1:14 Pamwe nokubudirira mukutenda kwevaJudha kudarika vamwe vangu mukushuvira kuchengetedza tsika dzemadzitateguru angu.

1:15 Chiroto chaMwari [1]cherudo rusina magumo chakandipatsanura kubva mudumbu mamai vangu nyasha dzake dzakava [2]zvandiri. *(Shoko rinoti, [1]**eudokeo**, rinoreva kuita kwavo kwakanaka; kuwona kwakanaka. [Dumbu ramai vangu, kwandakabva pamwe nezvandiri semwanakomana waBenjamini.] Shoko rinoti, [2]**Kaleo**, rinoreva zita repiri, kudana nezita.)*

1:16 Zvino ndiwo moyo wevhangeri randinoshumira; rakatanga nezaruro yokuva mwana [1]mandiri kundisunungura kuti ndishumire kuva mwana kumwe chete kune [2]zviuru zvavanhu vasiri vaJudha. Handina kunzwa kugombedzerwa kuti ndizviyenzanise neavo vaiziva Kristu munhoroondo.

*(Chinyorwa cheGiriki chakajeka zvacho: "Zvakafadza Baba kuti vazarure mwanakomana wavo mandiri kuti ndigomuparidza kumarudzi!"mashoko anoti, **en emoi,** anoturukirwa sokuti,"mandiri", pamwe na **en ethnos**,*

zvinoreva kuti marudzi ava hedheni, kana zviwuru zvavanhu vasiri vaJudha! Kwete kuti "pakati" pavahedheni semamwe matsananguriro. Pamberi , apo Banabasi anotumwa kuti aone kushandurwa kwamaGiriki muna mabasa 11, pane kuti adzokere neshoko kuvakuru vake kuJerusarema,anobva awana Pauro,nokuziva kuti vhangeri raPauro izaruro yechakavanzika chaKristu kumarudzi [tarisa VaKorose 1:27]. Ndosaka vatendi ivavo vakatanga kunzi maKristu,kana kuti vakafanana naKristu.

Jesu Kristu vanozivisa kuti mwanakomana womunhu mwanakomana waMwari."Usadana munhu kuti Baba pano panyika, nokuti pana Baba vamwe chete, vari kudenga"[Mateo 23:9] Pauro anorangaridza vaProfisa vechiGiriki muna mabasa 17 kuti tinorarama pamwe nokufamba zvose muna Mwari, vanhu zvirokwazvo zvibereko zvaMwari. Anotora kubva muzvinyorwa zvavo, Aratasi, akararama makore 300BC. Mhodzi isingawori womwana iri mune munhu wose seizvo mhodzi iri mumavhu, kunyange mugwenga, kumirira mvura kuti imutse nokutanga hupenyu hwayo."Semanayiro anoita mvura pamwe nedova kubva kudenga ronyorovesa pasi, zvoita kuti pabude zvinhu, ndizvo zvinova shoko rinobuda mumuromo mangu zvibereko pane zvinobaya rinounza zvisingabayi. [Isaya 55:8-11, 13]

Muna Mateo 13:44 Jesu vanoti humambo hwaMwari hwakaita sehukoshwa hwakavigwa muvhu. Hapana chinodarikwa zvinowonekwa nameso. Muna 2 Vakorinde

4:4,7 Pauro anoti tine hukoshwa uhu mune zvinoputsika, asi mwari wenyika ino anotsvaka kupofomadza pfungwa dzedu nekusatenda [Kutenda manyepo pamusoro pavo, Numeri 13:33] kuti tisawane vhangeri rinoratidza kubwinya kwaMwari munyiso chaKristu anova mufananidzo waMwari, semuchioni - oni!

Kana Jesu achitaura nezvemutadzi vanotaura segwai rakarasika, mari kana mwanakomana [Ruka 15] chinyorwa kana mucherechedzo hauna kubva nokurasika kwemari, tingarumbidza Mwari nokutuka munhu akafanana naMwari nomuromo mumwe chete sei ? [Jakobho 3:9 pamwe naRuka 20:20-26] Munhu akakanganwa zvaari pakusikwa kwake; munhu mufananidzo pamwe nemucherechedzo wemusiki wake ; ndizvo zvakawuya kuzozarurwa pamwe nokudzikinurwa naJesu.

Zvino tinomuwona somuchioni pakarepo toshandurwa [muzivo yedu] mukufanana naye. Kubva mukubwinya [Mawonero] enyama kuyenda mukubwinya [mawonero] aMwari.Chitendero chakasiya dzitiro riripo, Kutaurwa kwechokwadi chenhau yakanaka, kunodzitira. Dhadha harina kuda kugadziriswa kumeso kana chidzidzo chokunyepera humwe hupenyu. Raida kuziva chokwadi pamusoro paro kuti risununguke zvachose.)

1:17 Pane kuchimbidzika! Ndakazvitsaura kubva kuJerusarema pamwe navadzidzi vaJesu.Ndakava kuArabia ndisati ndadzokera kuDamasico.

(Huremu hwezaruro iyi hwakandisiya ndisina sarudzo; pane kutsvaga zvizhinji pamusoro paKristu munhorowondo, ndakashuvira kuti ndimuwone mandiri! [Tarisa 2 Vakorinde 5:16])

1:18 Zvino kwapera makore matatu ndakayenda kuJerusarema, ndakayenda ndikanowona kunyanya [1]Kefasi. Ndakazogara naye kwemavhiki maviri. *([1]Muarameyiki shoko rokuti"dombo"ndi* ***Kefas,*** *zvakare muGiriki anonzi* ***Petros.*** *Pano Pauro anodana Petro kuti Kefas kuti atsimbidzire chirevo pane zita rake pane kuti Petro chete. Jesu vakati zaruro yechokwadi chomunhu navamambo imbwe rinova hwaro we* ***Ekklesia****, kureva mavambo ezvauri kubva pana* ***ek****, kureva mavambo pamwe na* ***kaleo****, zita repiri. [Mateo 16:13-18; tarisa Isaya 51:1; Deut 32:18; 1 Petro 2:5 pamwe na 1 Madzimambo 6:7])*

1:19 Panguva iyi handina mumwe muapostori wandakaona kunze kwaJakobho munin'ina waJesu. *(Sauro (Pauro),* **Petro** *(Kefas) pamwe naJakobho vaiva nezaruro imwe chete; vose vari vatatu vakaona mavambo ezvavari anodarika kuzvarwa kwavo; Simioni mwanakomana waJona nyama neropa hazvina kukuratidza kuti ini,mwanakomana womunhu ndini Kristu, mwanakomana wa Mwari; zvino zvawaziva kuti ndini ani, nditendere kuti ndikuzivise kwauri! Ndinoti uri ibwe.[Mateo 16: 17,18]*

Mumakore matatu ehushumiri hwaJesu hapana hama

dzake dzakatenda maari.[Johani 7:5] Asi muna 1 Vakorinde 15:7, Pauro anotaura chokwadi chokuti Jesu vakawonekera kuna Jakobho shure mekunge amuka. Pakarepo zvinojekera Jakobho kuti Baba vechiedza vakabereka vanhu neshoko risina magumo echokwadi, Shoko rakava nyama rikafa rufu rwavanhu akamuka pamwe navanhu muhupenyu hutsva mukumuka kwake. Kana munhu akanzwa shoko iri unowona chiso chokuberekwa kwake somchioni. sezvo Petro achibvuma"takaberekwa patsva apo Jesu akamuka kubva kuvakafa!"[1 Petro 1:3] shoko rakabva nguva isati yavapo ndiwo mavambo edu.[Jakobho 1:17,18,23,24])

1:20 Handisi kunyora izvi kuti ndikuitire chimwe chinhu; ndiwo matangiro andakaita kuparidza vhangeri.

1:21 Shure mokushanya kwangu kudiki kuJerusarema, ndakafamba munzvimbo dzeSiria pamwe neKirikia.

1:22 Hapana vemakereke eJudea vaindiziva pachiso.

1:23 Vakangonzwa runyerekupe rwekuti aivapikisa zvine simba akanga ava kuparidza vhangeri iro raaiva nechidokwa chokuparadza.

1:24 Zvino vakazivisa mbvumo yaMwari kuhupenyu hwangu pamwe nokuzivisa Mwari mandiri.

2:1 Akanga ava makore gumi nemana kubva ndashanya kekutanga apo ndayenda nechinangwa chakakosha kuJerusarema naBanabasi takatora Tito pamwe nesu; *(...Sezvo akanga ari chibereko chedu chekutanga muGirisi. Rangarira kuti Banabasi akanga atumwa navakuru kuJerusarema kuti anowana runyerekupe rwevaGiriki vaitendeuka; pane kuti adzokere kuJerusarema kunovaudza vaApostori, akanotsvaga Pauro, nokuziva chipo chake chokudzidzisa pamwe zaruro yechakavanzika chaKristu mauri. [VaKorose 1:26 na Mabasa 11:25, 26])*

2:2 Ndaida kunyanya vakuru vekereke kuti vanzwe izvo ndaidzidzisa kumahedheni sezaruro yangu kuvhangeri. Takafunga kusangana pakavanzika kuti pasava nebopoto paruzhinji. Zvinoreva kuti ndizvo vaizokwanisa kutonga pamaonero avo, kuti hushumuri hwangu hwaiva hwechokwadi here kana kuti kwete.

2:3 Shamwari yedu yeGiriki, Tito haana kuzodzingiswa uye haana kumanikwa kuti achekwe!

2:4 Vamwe vaizvita "hama"dzechiJudha vakauya kwatiri kuzowona kuti akadzingiswa here kana kuti kwete! Rusununguko rwedu muna Kristu rwakavazvidza vasori ava vaive nechinangwa chimwe, kuda kuti tive vatapwa muhusungwa hwavo.

2:5 Tinoda kuti muzive kuti takazvipira kuti munzwe vhangeri risina kusanganiswa nechinhu kuti zvikubatsireyi; kuti dai takabvuma kutora mawonero eshoko ravo chero napadiki zvapo, vose vechihedheni vainzwa kuti vabirwa. Tinowona ramangwana kuvhangeri risina musanganiswa mamuri.

2:6 Vakanga vari vezvigaro zvapamusoro havana zvavaikwanisa kuwedzera kushoko rangu. Ndinoda kutaura kuti hukuru hwavo hauna kundidzikisira napadiki pose. Mwari havatongi munhu nezvinowonekwa nameso. *(Vasina hukoshi pamwe nevane hukoshi vose vanowonekwa zvimwe chete vakayenzana nokudiwa maari [2 Vakorinde 5:14,16])*

2:7 Kubva pane zvandakagoverana navo vakazivisa kujeka kweshoko rangu pamwe nokunzwa kuti vhangeri ra Petro raive rakananga vaJudha ndakaziviswa somurume ane shoko kumahedheni.

2:8 Vakabvuma kuti sezvo hushumiri hwaPetro hwakanga hwakatumwa naMwari kuti ashumire kumaJudha, hwangu hwaiva hwevahedheni.

2:9 Vainzi ndivo shongwe dzemakereke, Jakobho *(munin'ina waJesu [VaGaratia 1:19])***, Kefasi, pamwe naJohani vakazivisa chipo changu muzaruro yeshoko renyasha, vakawedzera maropafadzo avo mubasa rangu nokutipa ruwoko rworuwadzano.**

Apo vakanga vari mubishi rokutendewutsa maJudha ndakanga ndakaziviswa somurume ane shoko ravaHedheni.

2:10 Chikumbiro chavo chaiva chokuti tipe zvimwe zvinhu kune vanotambura pakati pavo izvo takanga tichida kuti sezvo takanga takagadzirira zvipo *(Mabasa 11:29,30)*

2:11 Asi apo Kefasi akashanyira Antioki ndakamupa basa nokuda kwehunyengeri hwake.

2:12 Kuwadzana kwake namaGiriki kwakaita sekune kurevesa akadya navo kusvikira pakasvika boka raJokobho kubva Jerusarema. Zvino kuva akatendeka kwake kumurawo kwakabva kwabuda pachena! Kunyepera kwake kwakava chinyadziso!

2:13 Nokuda kwechigaro chake chapamusoro vamwe vatendi vechiJudha vakamuteverawo hunyengeri hwake; vakakwezva naBanabasi zvakare! Zvinonyadza!

2:14 Kunzwisisa kwavo vhangeri kwakakanganisika. Ndakataura naPetro pachena neizvi."Mushure mevamwe unoita seunorarama somuhedheni sokunge tsika dzako dzechiJudha dzapera, iko zvino wadzosa mitemo yechiJudha yakadarika kune vatendi ava, kufadza shamwari dzako dzechiJudha!"

2:15 Chivi hachinyare munhu! Chivi chinova chivi kunyangwe uri muJudha kana kuti muhedheni.

2:16 Savajudha tinofanirwa kuziva kuti hapana anowana kumira zvakanaka kuna Mwari nokuda kokuita kwake kune zvinodiwa nomurawo. [1]Zvinotendwa naKristu nokuda kokuregererwa kwedu ndizvo zvine basa; anokurudzirwa nokuti akaita zvakakwana kuti vanhu vave vatsvene. Kuda kuita zvakanaka kwedu hakugoni kuti kuwedzera pakururama kwedu. Kururama hausi mubairo wehunhu wakanaka. Sevatendi vechiJudha tinozviziva! Hatina mukana kudarika vamwe vese.! MuJudha kana muhedheni vaiva nemhosva zvakafanana, iko zvino tose takaregererwa nokuda kwaJesu pasina chimwe chikonzero! *(Pauro anoshandisa -"Kutenda kwe.""Ndiye mavambi nomupedzisi wekutenda, ndiye anova mavambo nemhedzisiro yekutenda"[Vahebhuru 12:2); kubva pakutenda kuenda pakutenda"(VaRoma 1:17). Kukurudzirwa kwaMwari mukugona kwemwanakomana wake kunomutsa rutendo kune munhu.")*

2:17 Zvakadaro, zvino mukushuvira kwedu kuwana kururama nokutenda mune zvakaitwa naKtistu kwatiri, tinowona kuti zvinogona kuti titatarike; usazoita mutadzi zvakare! chokwadi chokuti wakava muchivi habvise muchijikwa waKristu nekusakupa chikonzero chokuregera

kururama sokunge Kristu ndivo vane mhosva yokudziviswa kwako! Zvinenge zvakaipa! (*Zvino mukada kuchengeta murawo zvekare kuti muwedzere mukurarama kwenyu sokunge Kristu vasina kuita zvakakwana. Usaite kuti zvawunosangana nazvo zvikunyengere kuti uwunze imwe dzidziso.)*

2:18 Uyo anonyepera ndiye anozama kuva womurawo pamwe nokuva wenyasha panguva imwe chete!

2:19 Kuroverwa pamwe kwangu naKristu kune basa! Hayisi nyaya yangu ndega. Murufu rwake ndakafa mukuita kwakare kokuyedza kufadza Mwari nokuda kwehunhu hwangu! Mwari vakanga vandiita mupenyu pamwe naKristu. Munhu nokuita kwake angawedzera se izvi! *(Hosiya 6:2 na VaEfeso 2:5)*

2:20 Mashoko anoti, kuroverwa pamwe, kuva vamwe pakurarama anonditsanangudza zvino. Kristu mandiri ini ndiri maari! (Johani 14:20). Rudo rwake rwokuzvipira ndirwo huchapupu hwekurudziro yake mukururama kwangu! (*Hupenyu hwandava kurarama munyama ndinorarama nokutenda kwemwanakomana waMwari. Anotenda murusununguko rwangu!)*

2:21 Kuzvidza nyasha dzaMwari kuda Mozisi pana Jesu! Zvino kana murawo waikwanisa kukuraramisa zvoreva kuti Jesu vakarasa nguva

yavo mukufa rufu rwako!*(Izvi zvaidzora ruponeso kumakwikwi pakati pokuteerera pamwe nokuteerera kwaKristu! [VaRoma 5:19])*

3:1 VaGaratia! VaGaratia! Marasikirwa here nenjere dzenyu? Hamuwoni here kuti murawo wakakuroyayi pamwe nokukudzumaidzayi chiwono chenyu chezaruro yezvakaitwa naKristu pamuchinjikwa naKristu kwamuri? Izvi zvakanga zvakarehwa zvakajeka mumagwaro. Mungatadza sei kuti mukurudzirwe nechokwadi? (*Havana kufa sedunga munhu, vakafa rufu rwako! [Isaya 53: 4,5])*

3:2 Ndinokumbira kuti munzwisisane neni panyaya ino; makagamuchira mweya mutsvene sei ? Tiri kutaura chipo kana mubhadharo here ? Ishoko ripi rinodenha kutenda? Wakava mutadzi akadini nomukundikani sei anoratidzwa nomurawo, kana zvinotendwa kuva chokwadi pamusoro pako naMwari zvichiwonekwa muvhangeri? Ngatisapesanisa murawo nenyasha.

3:3 Munowona kuti hupenzi wakadii kutanga mumweya, (*kutenda mukubudirira kwemuchinjikwa)* nokuda kwechimwe chikonzero modzokera pakuita kwenyu zvekare! Sekunge mabasa enyu mega angawedzera pane zvakaitwa naMwari muna Kristu. *([Zviitire wega]. Zvine njodzi! Zvakaita sekubva muchikepe woedza kutihwina munyanza wega! Pane miti miviri. Wokuzviitira wega kana wehupenyu. Inoratidza maitiro maviri murawo wamabasa pamwe newekutenda; mumwe unoratidza zvauri nokudzikinurwa kwako kwezvauri. Nokuda kwemuti wekarivhari takasununguka kuva! Mweya = kutenda; nyama = mabasa.)*

3:4 Rangarira zvawakanzwa pawakatanga kutenda. Wakagadzirira here kushandura nokuda kwechitendero? Zvinhu zvose munorasikirwa nazvo. *(Murawo hauzadzise kutenda, unodzima).*

3:5 Ungayenzanisa zvawakagamuchira kubva kuna Mwari nechimwe chawakaita kana kunzwa? Mwari vakakupa mubairo here nokuda kwehunhu wako apo vakaita zvishamiso pamwe nekukupa mweya wavo; kana kuti zvimwe nokuda kwezaruro yeshoko renyasha ramakanzwa ? Kutenda chitubu chokuita kwaMwari pachikamu chomunhu; kunzwa kwedu chiratidzo chezvinoratidzwa nokutenda kwaMwari.

3:6 Abhurahama haana kumwe kurarama kwaakava nako asi nokutenda zvakatsinhira Mwari pamusoro pake! Isaka akazivisa kutenda kwaMwari, kwete kuita kwaAbhurahama. Ndizvo zvimwe chete kwatiri pamwe naAbhurahama. *(kururama kunoratidza kutenda kwaMwari sechivimbo choruponeso rwemunhu pane kuita kwemunhu kwekuchengeta murawo hwehunhu!)*

3:7 Mhedzisiro yakajeka; kutenda kwete kwemabasa ndiko kunotiita vamwe naAbhurahama! *(Nyasha kwete murawo ndiko kwatinobva. Ishumaeri anoratidza zvinodarika vechitendero cheIsiramu. Anoratidza kuita kwenyama kukwikwidzana nokutenda; kusanganiswa kwemharidzo yomurawo nenyasha.)*

3:8 Magwaro anoratidza zvine huporofita kuti zviwuru zvevasiri vaJudha zvicharuramiswa nokutenda kwete nokuda kwehunhu. Mavambo evhangeri anowanikwa mukutaurwa kwaro naMwari kuna Abhurahama; akawana marudzi ose ari mumurawo wokutenda wakaunzwa naAbhurahama. "mauri maruzdi ose epanyika anowonekwa zvakayenzana muropafadzo yokutenda". *([Genesisi 22:17] kururama nokutenda ndizvo zvinoreva zaruro yevhangeri; [VaRoma 1:17 na Habhakuki 2:4]"vakarurama vachararama nokuda (kwaMwari) kokutenda" kururama nokutenda hupenyu hwako! Kururama, mufananidzo nokusapomerwa kwedu kwakadzikinurwa, hakuna kumwe kwakunobva.)*

3:9 Sezvakaitwa naAbhurahama ndiwo mawaniro atinoita chitubu chedu muropafadzo yokutenda.

3:10 Mukuwona kwakajeka kokutenda, murawo ndiwo simba rechituko. Sezvakanyorwa, "Munhu wese anotadza kuita zvinodikanwa nomurawo, kunyangwe napadiki, anopomerwa". *(Dhuteronomi 27:26)*

3:11 Habhakuki anoratidza kuti kururama nokutenda kwaMwari ndipo pane hwaro wehupenyu; zvinopedza kumwe kururama pana Mwari maringe nehunhu. (Habhakuki 2:4, 3:17-19).

3:12 Murawo pamwe nokutenda hazvina rimwe chete . Murawo unopima kuita komunhu pamwe

zvavanosangana nazvo zvotsanangura hupenyu hwavo. *(Kutenda kunopima kuita kwaMwari mukudzikinura zvavari matiri, sokutsanangudza hupenyu hwedu.)*

3:13 Kristu vakatidzikinura kubva muchituko nokuda kwekutadza kwedu kuchengeta murawo. Pamuchinjikwa vakatora kutukwa kwose kwavanhu pavari. Mukuzviramba kwavo kusvika pakufa, vakatora pamwe nokunyungudutsa kuipa kwechituko mavari. Magwaro anoti wese aripa muti anotora chituko. *(Deut 21:23)*

3:14 Kuita uku kwaKristu kwakaunza [1]ropafadzo yaAbhurahama kune vahedheni! Zvino tasununguka kuti tigamuchire ropafadzo yomweya. *([1]kururama nokutenda kwaMwari nokukunda kwaKristu, kwete nokuda kwehunhu, mukuterera kwaKristu Duteronomio 28 haicharevi chinhu! [VaRoma 5:19; VaEfeso 1:3]. [2]Zviuru zvavanhu vasiri rudzi rwevaJudha.)*

3:16 Zvakanyorwa kuti vimbiso (*yeropafadzo yekururama nokutenda)* **yakaitwa kuna Abhurahama nezvibereko zvake** *(kureva kuti pasina kuita kwake kuunza Ishumaeri)* **Isaka, mwana wevimbiso kwete nyama, anoratidza Mesiya semuchioni – oni.**

3:17 Ndidzo nharo dzangu: Mwari vakaisa sungano yevimbiso muna Kristu makore mazana mana ane makumi matatu murawo usati wapihwa. Murawo hauna kubvisa vimbiso! *(Kuita kwaMwari*

kokururamisa vanhu kunova nokutenda muvimbiso kwete nokuda kwekuchengeta murawo wehunhu)

3:18 Murawo nevimbiso hazviwiririrane; mumwe unesimba pane mumwe. Mwari anopa Abhurahama chipo chekutora vimbiso senhaka *(kwete semubairo wekuita kwako)*

3:19 Zvino basa romurawo nderei? Yaiva nzira yokuti vanhu vazive kutadza kwavo panguva imwe chete ratidzo kuvimbiso yemudzikinuri, mbeu yaMesiya! Wakapihwa nengirozi kuna Mozisi semunhu wapakati.

3:20 Pana Abhurahama paisava nemunhu wepakati; aive Mwari! *(Zvinoisa vimbiso pane chimwe chidanho pane murawo; vimbiso iri pamusoro pemutemo.)*

3:21 Kwete, murawo haupikise vimbiso yaMwari; unotsinhira kudiwa kwemudzikinuri kuisa kururama kune munhu sehupenyu hwake; zvakatadzwa nemurawo kana zvaunogona kuti munhu ayananiswe nomurawo, vimbiso yaisava nehukoshi. *("kana paine kumwe kuchengeta mutemo kune samba rokusika hupenyu matiri, tingadai takaiwana munguva ino." - Message.*

VaRoma 5:6"Nguva yaMwari yakanga yakaringana; vanhu vakanga vari pakukonewa kwavo panguva iyo Kristu vakafa rufu rwavo – taive tisingakwanisi mukuita kwedu kuti tizviponese.")

3:22 Magwaro anopedziswa nokuti vanhu havachina chikonzero chokuramba vari muzvimwe chete, vakasungwa nechivi; Zvino kutenda kunounza vimbiso kune munhu wese zvinobatika! Jesu Kristu anoita kuti vose vatende zvinotendwa naMwari maringe nekururama pamwe nekusapomerwa kwavo. *(Tarisa VaRoma 3:22, Jesu ndiye zvinotendwa naMwari pamusoro pemunhu. Maari kururama kwaMwari kunowonekwa nenzira yokuti vose vakurudzirwe zvinotendwa naMwari pamusoro pavo. Zvisinei kuti ndivanaani; hapana sarudzo. (Shoko rinoti, [1]**eis**, rinoreva nzvimbo inosvikwa pakupedzisira.))*

3:23 Takanga takachengetwa mumurawo, takachengetwa mukuita kwawo kusvikira zaruro yekutenda yauya kuzotinunura!

3:24 Murawo wakava senhapwa yakachengeteswa vana vamambo wayo, kusvikira yasvika nguva yechikoro chaKristu, kuona kutenda kokururama kwavo kuchiwonekwa.

3:25 Zvino zvatasvika kumagumo, zviratidzo zvehuprofita hazvichina basa. Kutenda zvakwauya murawo hauchina basa. Kutenda kwakabvisa muchengeti. Zvino kutenda zvakwauya murawo hauchina chikamu.

3:26 Zvinotendwa naJesu Kristu kuva chokwadi kwauri ndizvo zvinozivisa dzikinuro yohumwana hwako. Kutenda kwake ndiko kune hukoshi

pakutenda kwedu!

3:27 Wese akanyura muna Kristu akapfekwa naye! Ndiye nguwo dzedu itsva mukuva vana! *(Kubva zvino nguva yemanapukeni yapera"kururama kwedu nokuita kwedu murawo kunova marengenya!"[Isaya 64:6])*

3:28 Hapachina chinoratidza zvokuva kwake kwakare semuJhudha kana Muhedheni, musungwa kana wakasununguka, murume kana mudzimai, Billabong kana Gucci, muna Kristu munhu wese anokosha.

3:29 Zvino kana Kristu ari mbeu yevimbiso, zvino zvinova mukuziva kuva pamwe naye. *(mukuva nyama)* **tinova vamwe naAbhurahama pamwe nevadyi venhaka yevimbiso. Kutenda kwete nyama zvinotiisa kuna Abhurahama.** *(Tinotora nhaka yekururama nokutenda kumwe!)*

4:1 Rusvava panhaka haana zvokutaura zvinodarika nhapwa kunyangwe ari muridzi wazvose! *(zvinhu zvakakwanisa kuitwa nomurawo kuzivisa kutapwa komunhu kuchivi.)*

4:2 Anozoramba ari pasi pemitemo wepamba kusvikira zuva rakatarwa naBaba vake kuti asvike pakuva mwana.

4:3 Ndizvo zvazvakanga zviri nesu; takanga takatapwa sezvazviri zvoucheche ndokusiiwa ipapo nomurawo. *(pfungwa dzakazvidzika nokuwa kwaAdhamu.)*

4:4 Asi zuva rakabva rabuda; kuzara kwenguva *(zvaifungirwa zvakapedzwa muna Kristu!)* **Mwanakomana akauya atumwa naBaba; mbvumo yake pasi pano yaive dumbu ramai vake. Muviri wemunhu sewedu, akararama zvimwe chete ari pasi pomurawo.**

4:5 Chinangwa chake chaive chokununura vanhu kubva kumurawo wokuita pamwe nokutaura nezvezaruro yekuva vana kwavo muna Mwari.

(Zvino mamiriro edu ekuva vana awonekwa! [Johani 1:12) Tarisa Johani 1:11-14] Zvaisava kunge asvika pasiripo, akauya kwake asi vekwake Havana kumuziva [Mapisarema 24:1]. Asi kune vose vanowona kuve pamwe naye, vachigutsikana kuti ndiye mavambo ehupenyu; mavari anozivisa kuti tiri zvibereko zvake.

Ava ndivo vanoona mavambo avo muna Mwari anodarika kuzvarwa kwavo. Munhu akatangira muna Mwari. Hatina kubva kuvabereki vedu. Pakarepo shoko risingawonekwi ravakuwonekwa! Kuva munyama, maari, matiri. Kuwonekwa kunobatika kwepfungwa dzaMwari kunowonekwa mumunhu! Shoko rakava munhu; tiri kero yake; anogara matiri! Wakatora chiwono chedu.

Kubwinya kwatinowona haasi manyepo echitendero; ndiye chokwadi ***monogenes*** *chizvarwa chaMwari maari tinowana chokwadi chemavambo edu. Kubwinya kwakarasikirwa naAdhamu kwadzoka. mukuzara! Nyasha chete ndidzo dzinogona kuzvitsanangura zvizere!)*

4:6 Kuzadzisa humwana hwedu Mwari vakatuma mweya wehumwana kuti uti Abha mumoyo yedu; iye zvino mukati medu tinomuwona saBaba vechokwadi vanodikanwa. *(Mavambo ehupenyu hwaBaba anoratidzirwa mumwanakomana wake ndiwo hupenyu mweya anoraira matiri.[VaRoma 8:14] Hutapwa hwakazvidzika pane kuva mwana! Zvakapesana; imwe inomanikidzwa kutya; kuva mwana kunodavira norudo kuna Abha Baba.[VaRoma 8:15] Mweya wake unonzwirana newedu kuzivisa chokwadi chokuit tinobva muna Mwari.[VaRoma 8:16] Nokuti tiri zvibereko zvake tinokodzera kuva vagari venhaka. Mwari ndiye chikamu chedu,tinogara nhaka pamwe naKristu. [VaRoma 8:17])*

4:7 Unowana kuti zvingava hupenyu kuti mwanakomana agare hupenyu hwake nepfungwa dzohutapwa ? Kuva mwana kwako kunokupa kodzero yokuti uve nechikamu mupfuma yaMwari inova nhaka yako nokuda kwaKristu. *(pachawo unopikisana nokuva mwana! Humwana hausi kutengeswa!)*

4:8 Chinondishamisa ndechekuti zviri nyore kuti imi vatendi mubatwe zvakare muhudzvanyiriri wekuita kwechiJudha! Ndinoreva kuti munoziva mazuva enyu ehutapwa kuna vaMwari vechihedheni.

4:9 Panguva ino mazoziva Mwari wazvokwadi. *(Wakasiyana navana mwari vefungidziro yenyu)* **zvakakosha ndezvekuti,muwone kuti aikuzivai nguva yose!Pamberi pazvose izvi,mungakwanisa sei mabatana nemitemo yekunyengedzwa nezvitendero? Hazvineyi kuti mitemo ingawuya yakadini,ingava yavahedheni kana vaJudha, inowunza hutapwa humwe chete.**

4:10 Panguva imwe chete pava namazuva akakosha, mwedzi mwaka nemitambo yepagore inopemberwa zvisina maturo zvinongova fungidziro yemufungo yechitendero.

4:11 Ndinoshamisika kuti zvisuwo zvangu zvakaita sezvakarasika kwamuri!

4:12 Ndinokukurudzirayi kuti nditevedzereyi *(mukukonzwa kwangu kuchokwadi chokuti tsika dzechiJudha dzakapera kare!).* **Tiri muchikepe chimwe chete, haisi nyaya yangu; ndeyenyu!** (*Kwatinobva vaJudha kana vahedheni hakuna mutsauko! Handisi pakutsvaga mavhoti pahushumiri hwangu! Vhangeri rino ndiro chinangwa pamwe nokugombedzerwa kwangu!)*

4:13 Handina kumbosanganisa vhangeri kubva pekutanga pandakakuwonayi, kunyange ndakanga ndakadenhwa panyama panguva iyoyo hazvina kukanganisa shoko.

4:14 Rangarirayi hunyoro pamwe nokunzwa kwamaiva kwandiri kuhutera hwandaiva! Pane kuti mushore kana kuzvidza makandibata sengirozi semaitiro amaizoita kuna Kristu Jesu.

4:15 Panguva iyoyo makanga makazara nokutenda kwandiri zvokuti maikwanisa kundipa zvine hukoshi kwamuri kunyangwe meso enyu, kundipa donhodzo mukusagadzikana kwangu. Hunyoro hune hanya hwamakandiratidza!

4:16 Zvingakwanisike sei kuti chokwadi chimwe chete chakakubatanidzayi kwandiri chishanduke kuti ndive mhandu yenyu?

4:17 Vanhu vanondiita kuti ndive mhandu yenyu vanokubirayi vane shungu dzekukupatsanurayi kubva kwandiri, kuti kushingaira kwenyu

kwekuita kwazvo kwevaJudha kubatsire chishuwo chavo chechitendero! *(Unozviwona here murawo nevateveri wawo havakudi zvauri; vanongoda nezvavo chete!)*

4:18 Zvino kana uchida kushingaira zvine mhedzisiro yakanaka, shingairira nyasha. Munozvinyengera kana muchiva vanaku kwandiri kane muineni asi muchivashingairira shure kwangu! Hayisi nyaya yangu, ndine godo nemi! Ishoko rakakosha kunyanya, kwete chinangwa chomumwe chakavanzika!

4:19 Vanodiwa vana vangu vadiki godo rangu rakaita samai kurusvava rwavo! Ndakakuberekayi kamwe chete nevhangeri;zvino ndinonzwa marwadzo zvakare okubereka. Ndinoshingaira kuti muzive Kristu zvizere achiumbwa mamuri! *(Shoko rinoti, [1]**morpho**,rinoreva kuumba,kubva pana **meros**,chinhu kana chikamu; tarisa shoko rinoti, chivi, **hameros**, pasina chikamu,kana kuti pasina chako; metamorpho, pamwe chete nechako.)*

4:20 Ndinoda kuva nemi zvino; ndinoda kuti munzwa kukasikira kubva muizwi rangu! Ndinoshuvira kuti dai ndaikwanisa kuti muzive kuti murawo wakashapa! *(Kuita kwenyu kwese kokuti muwedzere pane zvakapedzwa mamuri muna Kristu kutambisa nguva! Zvakaita sokutanga kuda kugadzira vhiri riripo!)*

4:21 Sezvamunofadzwa nokuda komurawo ndinokumbira kuti munzwisise shoko rawo rechiporofita.

4:22 Murawo unotaura chokwadi chokuti Abhurahama aive nevanakomana vaviri, mumwe senhapwa, mumwe nomukadzi akasununguka.

4:23 Mumwe chibereko chenyama *(muti wekuzviitira)*, mumwe wokutenda *(vimbiso).*

4:24 Pane nyaya inofambidzana pavanakomana vaviri: vanoratidza kuita kuviri, mabasa nenyasha

4:25 Sinai idombo rechikomo cheArabia rinotumidzwa Agari *(kunze kwenyika yevimbiso).* **Kubatana kwawo nomurawo waMozisi kunoratidza Jerusarema seguta remitemo yevaJudha. Agari ndimai vomurawo wamabasa.**

4:26 Asi mai vanobva kudenga, mai vazvokwadi vevanhu venyasha, Jerusarema yezvokwadi; ndivo mai vevimbiso.

4:27 Nokuti zvakanyorwa"Fara iwe usina mwana! Pfachuka nomufaro! Nokuti kana usina kumboshingaira vana vako vachadarika uyo akawanikwa *(kumurawo).*

4:28 Takafana Isaka: Takaberekwa nokutenda, vimbiso ndivo mubereki wedu.

4:29 Semwana wenyama paakanetsa mwana

wokutenda, zvino vaJudha veJerusarema mukunyepera huKristu kwavo vanokunetsai.

4:30 Zvakadaro magwaro akajeka: "dzinga nhapwa yamai nemwana wayo. Mwana wenhapwa haangadye nemwana akasununguka." (*Munzira imwe chete, gadzirisa pfungwa dzako kubva kune nhapwa yemai nepfungwa dzechidiki. Chiedza chinodzinga rima pasina nharo.)*

4:31 Wonai kuti muri vanakomana vangu; hatisi vana vohutapwa, murawo, asi vana vamai vakasununguka, tiri vana venyasha.

5:1 Kristu vanotsanangudza kutenda kwako; ndiye rusununguko rwako kubva pane zvese zvakatadzwa nomurawo! Wana kumira kune simba. Usarega chitendero kuti chikukanganise zvakare kune kuita kwemitemo. (*Mukufara uku, Kristu vanoratidzira Sarai, mai vokutenda vakakubereka mukumuka. Bwiro reibwe rinoratidza chibereko chasara chakafa. [Petro 1:3])*

5:2 Ini Pauro, ndine pfungwa dzokuti, uyo unokwanisa kunditeerera: zvino ukatora kudzingiswa zvakare sekune basa kuti ugadzirise kumira kwako kuna Mwari, zvino unoita sekunge Kristu vasina simba. Zvino unokwanisa kuvabvisa pahupenyu hwako zvakadaro. (*Nokubatira pane kuita kwevaJhudha sekuchengeta sabata, nezvimwe, zvimwe chete.)*

5:3 Ndichazvireva mugwara, kuti mukatendera kudzingiswa, makafanirwa kuchengeta murawo wose .

5:4 Kururama nomurawo hakuna rimwe nokururama nenyasha; zvakasiyana. Hazvigoni kuti munhu afambe kumativi maviri akasiyana ari mumwe chete, zvimwe chete Kristu havareve chinhu kune vanotsvaga kururama mumurawo.

5:5 Pfungwa dzedu dzakagadzikana, hazvigone kuti munhu atsvage kururama munyama. Kururama nderimwe danho romweya rechokwadi

rinobatwa nokutenga. Zvinotendwa naMwari ndiko kwatinobva.*(Kumwe kutenda kokururama kunosiya munhu asina zvokuita.)*

5:6 Mwari vanotenda kuti takamirirwa muna Kristu zvakazara zvinotora kudzingiswa kana kubatsira kwenyama kushaye chirevo. Rudo rwunofambisa rutendo *(zviri nyore kuti rudo rwutende!)*

5:7 Makatanga somumhanyi ane chinangwa ndiyani akakudzivisai? Makaita sokunge maikurudzirwa nechokwadi.

5:8 Mwari Havana kuvhiringika pamusoro penyu. Akakupa zita repiri?

5:9 Hazvigone kuvanza simba rembiriso shoma, maitiro ekuvirisa anobva atanga *(kuita kushoma kwemirawo kunowodza upenyu hose hwemunhu.)*

5:10 Zvisinei kukanganiswa neavo"vemitemo yekereke", ndinokurudzirwa nokufana kwepfungwa dzedu munashe, hazvinei kuti munhu angava nenzvimbo yepamusoro yakadii, usakanganiswa naizvozvo! Murawo wavanokudza ndiwo uchavatonga! *(kuita kwekuvira hakurambiki kana uine pfungwa yomurawo.)*

5:11 Ndingasiya shoko repamuchinjikwa ndotanga kuparidza kudzingiswa kuti ndiregedze kutambudzwa. Kungava kupenga kwakadii?

(nyaya iyi inovira kusvikira pakufunga kuti kururama budikidze nechimwe chinhu chinoitwa nemunhu, kana kuti kuziva budikidze nezvakatoitwa naMwari)

5:12 Vanhu ava vanoda kubvisa zvinhu izvi vanofanirwa kubvisa kukosha komurawo muhupenyu hwedu.

5:13 Zvauri zvakadzikinurwa zvinotsanangudza rusununguko rwako, hama dzangu. Asi kusununguka hazvirevi kuti moshandisa murawo zvakare. Zvakadaro, rusunguko rwavo rwunowana ratidziro yakakwana murudo rwunoshandirana! Kusununguka kwawakaita kumurawo ndiko kutapwa kwawakaitwa norudo! *(Wakasununguka kurarama hupenyu hwamavambo ekuumbwa kwak o)*

5:14 Rudo runozadzisa murawo: ndizvo zvinova murawo kukoshesa mumwe munhu sezvauri. *(izvo zvakaonekwa kuti hazvigone nokuzviita wega.)*

5:15 Kuita kwaungagone nepfungwa dzako dzemitemo pamberi pacho kunodzamara kwava kuzama chete. Kunyeya, kugodora vamwe, kukuvadzana. *(Zvinosvika pakaipa! Tarira kuti kuparadzana kunopedza zviroto zverudo; vaimbove vamwe mumabhindauko vorwisana mumakoti; wona kuti hupenyu hunoshaya hukoshi muhondo.)*

5:16 Ndopedzisa: Rega mweya uve simba

mukufamba kwako kwezuva, wowana kukunda muzvinodiwa nenyama. *(mweya unofadzwa nomurawo werudo, zaruro yenyasha zvinodiwa nenyama zvinoratidza kukonzwa nomurawo wokuzviitira. Kutenda kunokunda nyama.)*

5:17 Apo murawo wemabasa unoramba uri mupfungwa dzako, unokonzera njodzi: wakabatwa pakati pehondo. Kuda kuita zvinhu zvaunoda nechishuwo chemasikirwo ako. Asi unowona nyama ichipikisa kune zvinodiwa nemweya. *(miti miviri, wenyama newemweya, uchiratidza mativi maviri anokonza, mafungiro maviri, asiri emunhu, asi akachengetwa sehosha, kukonza kwayo kowonekwa.)*

5:18 Avo vanotungamirwa nomweya (wokutenda) vakasununguka kubva kumurawo *(wokuita kwako)* [tarisa 3:3]

5:19 kuita kwenyama kuri pachena; nguva yese kutonga kwemurawo pakunowonekwa, zvivi zvoupombwe zvinovapo! Zvose zvichaita; hupombwe, tsvina nezvinonyadza.

5:20 *(Hupenyu wokuzviitira unofambiswa nesimba rako pamwe nohumbimbindoga. Pfungwa dzomurawo, nyama, dzinobatsira hunhu unoratidza zviratidzo)* **zvekuti zviwumbwa, zvinova kunamata mifananidzo wakatsveyama wako, zvinodhaka, kuvenga, kukakavadzana, kuva negodo, kuputika**

nehasha, munhu wese achingozvitarisa munyika yekuchekana huro, kutsika vamwe kuti ave pamusoro, kureva nhema, kunyengera pfungwa dzavanhu nedzidziso dzenhema. *(Nyama haisi kusikwa kwako kwepasi."ipfungwa dzemunhu akawa, anoyedza kutevera hupenyu wekuumbwa kwedu sezvazviri mundangariro yomunhu, nokuita kwake, zvisina Mwari.)*

5:21 Kudyiwa nokuzvinzwira ngoni, humhondi, kudhakwa, ruchiva, nokukavadzana negodo rakunomuta. Sezvandareva mumashure: avo vari kuita mararamiro akadaro havana rimwe chete nohumambo hwaMwari (*Hukuru wehupenyu hwaKristu unokunda masimba enyama.)*

5:22 Mweya unowana chiratidzo murudo rufaro rugare kushingirira, hunyoro, *(Kuva nebasa,kuteera)* **hunaku kutenda, hunyoro,kuzvidzora** (*simba romweya). Zvinopesana nomuti wezivo wechakanaka nechakaipa,muti wehupenyu unobereka zvibereko pasina kumanikidzira maringe nohupenyu nokuumbwa kwedu.)*

5:23 Mutemo hawukwanise kuyenzana kana kupikisa izvi. Hapana mutemo unopikisa rudo. *(Rudo harukwikwidzane nomurawo, rudo rwakadzama mukuratidza hupenyu hwaKritstu.)*

5:24 Kune avo vanonzwisisa kuti kururama kwavo ndekwaKristu uye kuti hakuuye somubairo wokuchengeta murawo, vawona kuti nyama

yavo *nezvichida* pamwe neruchiva zvakaroverwa pamwe naKristu. *(VaGaratia 2:20; Tarisa zvakare VaGaratia 5:18)*

5:25 Nokuti kutenda ndiko kunotisanangudza nyama tinotora kutungamira kwedu kubva kuna mweya mukuita kwedu kwezuva. Pane simba pakufamba kwedu tino famba samasoja. *(Hupenyu hwaKristu ndiwo une simba basi rino rese!)*

5:26 Regedza kuita kwako kwekuyedza kufadza vamwe. Murawo wemabasa unozova hupenyu hwako kuruchiva pamwe namakwikwi apo rudo runotsvaga zvakanaka kune mumwe, *(izvi zvinoreva rusununguko rwuzere kubva kune murawo wese wekunze.)*

6:1 Hama zvinowoneka sokuti mumwe anodarika [1]nokutarisira kutevera [2]kwekukundikana kwavo *(nokuzvitakudza zvinorema zvakanyanya,tarisa vhesi yepiri),* **kubva panzvimbo yako nokutenda dzoredzera munhu akadaro nomweya wenyasha wakazvichengetawo utarise kuita komurawo kunozokusiya mumatambudziko** *(shoko rinoti, [1]**prolambano**, rinoreva kutarisira, kugara watora, [2]**paraptoma**,rinobva pana **para**,kureva pedyo,kubva panzvimbo yekukonza pamwe na **pipto** kureva kurasikirwa nehurebu,rega kubhururuka kusvava. rangarira unoratidza nyasha kwete murawo.)*

6:2 Murawo wehupenyu hwaKristu unotsanangura kuva nomweya kwako, kubvisa zvinorema kubva pamafudzi emumwe wako kunozadzisa murawo waKristu *(Shoko renyasha rinobvisa zvose zvinorema zvakaita sekupomerwa, kufungirana, kuzvidzwa, kusemwa pamwe nokuva nepfungwa dzezvivi.)*

6:3 Munhu wese anofunga zvaasiri, anozvinyengedza *(kuita komurawo kunobatsira kunyengera, nyasha dzinooratidza zvokwadi zvezvauri zvakadzikinurwa muna Kristu.)*

6:4 Zvino pasina kunyengerwa, wakasununguka kuti uratidze zvauri kwete kuda

Kunyengera. Nzverawo kuita kwako nenzira yokuti hauzoda kuwana mbvumo yovamwe kuti izivise mufaro wako.

6:5 Munhu wese anorarama hupenyu hwake *(kunyangwe tichigoverana hupenyu hwedu navamwe).*

6:6 Vese mudzidzi nomurairidzi vanotora kubva muchitubu chimwe; vose vane chikamu muchinhu chakanaka. Shoko ravanagoverana rinowungira nekunzwisisa mavari.

6:7 Zvokushamisika hazvinyengeri Mwari. Usatungamirwa zvakaipa wobva wada kutarisira kuna Mwari vaita kuti uwire pasi. Goho ragara rinoratidza mbeu.

6:8 Nyama haigone kukwikwidzana nomweya, saAdhamu, chibereko chomuti wokuzviitira chinobereka rufu, kutenda kunobereka chibereko chomweya chohupenyu hwenguva, hupenyu hwaMwari.

6:9 Kuita kwese kwakanaka kune goho rinotarisirwa. Regai kutsondoreswa nezvinoitika pakati penguva. *(Iva nechivimbo chokuti mabasa ako akanaka onofambiswa nerudo kwete nokuti ungoita sebasa. Rudo rwunoshanda pabasa kutenda, pabasa nokuda kuita kwako.)*

6:10 Ngatitoreyi mukana wekuva ropafadzo kune vese avo vatinosangana navo, tisingasiye vemhuri yokutenda.

6:11 Kusimudzira inzwi rangu rokuchimbidza, ndinonyora zvinotevera noruwoko rwangu mumavara makuru.

6:12 Avo vanokukurudzirayi kuti mudzingiswe vanenge vachiedza kudzivirira kurwadziswa kwemuchinijikwa waKristu. Vanoda kuva nemukurumbira pamwe chete nevamwe vavo vechiJudha kureva kuzvidza Shoko romuchinjikwa. Kwavari ratidziro yokunze yenyama ndiyo yakakosha.

6:13 Hausi nyama yomurawo yavanoda chete kuzvikudza munyama yenyu, sechiratidzo chokuti mava pamwe navo pachinangwa chavo.

6:14 Kuzvikudza kwangu ngakuve pasina asi kuve pamuchinjikwa Washe wedu Jesu Kristu, budikidze naye nyika yose yakaroverwa kwandiri uye ini kunyika. Kuita kwechitendero nekukuzwa kwenyika ino hakuna chirevo kwandiri. Ndakaita semunhu akafa.

6:15 Chisikwa chitsva muna Kristu ndicho chine basa, kwete kuti kudzingiswa kana kwete. (*Mwari vakatisarudza muna Kristu, pavakafa takafawo, pavakamuka takamutswa kuhupenyu hutsva mavari.)*

6:16 Kuva pamwe Kwedu naKristu ndiko kunotipa nzira nokuita vaIsirayeri vechokwadi, kwete kuva muJudha kana muHedheni, kudzingiswa kana kuti kwete! Asi rugare rwatinowana mungoni idzi. Mutemo uyu ndiwo murawo watinozviisa pasi pawo semutemo wekufamba kwedu.

6:17 Handichanetsekana zvakare. Ndine mavanga akakwana mumuviri mangu ayo anondiita kuti ndive pasi paJesu. (*mavanga ayo andakatakura kubva pakurwadziswa nokuda kwevhangeri rino rakakosha kwandiri kudarika mavanga ekudzingiswa.)*

6:18 Hama, zaruro yenyasha wedu Ishe Jesu Kristu ive mutongi mumweya wako.

Ameni.